


# Toujou Trete Dlo a Pou li ka Potab

Aprè yon dezaz, dlo a ka pa potab pou w sa bwè l.  
Koute sa otorite lokal yo ap di pou chèche konnen si dlo a potab.

## Klowòks fè dlo a vin potab.

Ou ka itilize klowòks ou sèvi nan lesiv...




### Si dlo a klè

- Ajoute yon wityèm (1/8) tikiyè klowòks likid ki sèvi nan kay nan 1 galon dlo.
- Tann 30 minit oswa plis anvan w bwè l.

### Si dlo a pa klè

- Ajoute yon ka (1/4) tikiyè klowòks likid ki sèvi nan kay nan 1 galon dlo.
- Tann 30 minit oswa plis anvan w bwè l.



### Netwaye andedan tout resipyan ki pou kenbe dlo ladan yo (tankou bwat fèblan, bokal, boutèy, vè).

- Itilize 1 tikiyè klowòks likid ki sèvi nan kay nan 1 tas dlo.
- Vide l ladan l.
- Sekwe l.
  - Kite l poze pou 30 minit.
  - Rense l avèk dlo pwòp.

Piga w janm melanje klowòks avèk amonya oswa avèk lòt pwodui netwayaj.

Si w andedan kay, lè wap itilize klowòks, louvri fenèt yo ak pòt yo pou lè fre ka rantre.